

# ELÈV K AP APRANN ANGLÈ AK EVALYASYON LETA

## Enfòmasyon pou Paran, Fanmi, ak Manm Kominote a

Evalyasyon eta Connecticut mezire sa elèv yo konnen ak sa yo kapab fè dapsipre Prensip Debaz Connecticut nan lang ak literati anglè/konpetans pou li ak ekri ak prensip matematik ak syans. Yo ede asire chak elèv Connecticut resevwa yon edikasyon kalite siperyè.

### Ki evalyasyon ofisyèl leta Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo pran?

Elèv yo, ansanm avèk Elèv k ap Aprann Anglè yo, pran evalyasyon leta ki endike anba la yo:

- Evalyasyon Smarter Balanced nan lang ak literati anglè/konpetans pou li ak ekri ak matematik nan klas 3yèm ane-8yèm ane;
- Tès Metriz Connecticut (Connecticut Mastery Test, CMT) nan syans nan klas 5yèm ane ak 8yèm ane;
- Tès Pèfòmans Akademik Connecticut (Connecticut Academic Performance Test, CAPT) nan syans nan klas 10yèm ane; epi
- SAT Connecticut nan lekti, redaksyon ak lang, ak matematik nan klas 11yèm ane.

### Ki sipò ki disponib pou Elèv k ap Aprann Anglè nan evalyasyon leta?

Tout Elèv k ap Aprann Anglè yo kalifye avèk rekòmandasyon edikatè pou yo resevwa sipò jan sa endike anba la a nan evalyasyon an.

#### Evalyasyon Smarter Balanced (Klas 3yèm-8yèm ane)

Glosè matematik nan anpil lang  
Enstwiksyon pou tès ki tradui nan anpil lang differan  
Tès matematik ki tradui nan lang Panyòl  
Tès matematik yon lektè lang natifnatal li awotvwa nan lang Panyòl  
Tès matematik yo li awotvwa nan lang Anglè  
Tès Lang ak literati anglè/  
konpetans pou li ak ekri yo li awotvwa an Anglè, sof pou lekti pasaj yo  
Evalyasyon yo se tès ki pa pwogramme

#### Jounen Lekòl Samdi Nan Connecticut (Klas 11Yèm Ane)

Pwolongasyon tan\*  
Diksyonè bileng\*  
Enstwiksyon pou tès ki tradui nan anpil lang differan  
Enstwiksyon pou tès yon lektè lang natifnatal li awotvwa  
*\* Si elèv yo resevwa sipò sa a, yo p ap rapòte nòt yo ba kolèj yo.*

#### Syans CMT/CAPT (Klas 5yèm ane, 8yèm ane, ak 10yèm ane)

Pwolongasyon tan  
Diksyonè bileng  
Tès syans yo li awotvwa nan lang Anglè  
Enstwiksyon pou tès yon lektè lang natifnatal li awotvwa

#### Pou jwenn lòt enfòmasyon:

Pale avèk pwofesè oswa direktè lekòl pitit ou.

Ale sou Sitwèb Depatman Edikasyon Eta Connecticut:  
[www.ct.gov/sde/EnglishLearners](http://www.ct.gov/sde/EnglishLearners)  
[www.ct.gov/sde/StudentAssessment](http://www.ct.gov/sde/StudentAssessment)